


e-Tips for Families

M-DCPS Office of Community Engagement |
engagemiamidade.net | @MDCPSCommunity



Primé | Septanm 2018

Fè Pitit Ou Òganize I

Li pa ka jwenn soulye espò li, liv matematik li oubyen lajan pou repa-midi li. Li pèdi pwojè syans li ak devwa istwa li.

Pa gen anyen ki plis agase yon paran pase yon timoun ki dezòganize. (An reyalyite – pifò timoun dezòganize omwen pou kèk tan.) Men kèk fason pou ede:

- **Mete etikèt ki gen non pitit ou a sou tout bagay.** Menm soulye. Pifò rad sanble. Etikèt ede asire ti vès ki ale lekòl la maten an retounen lakay nan aprèmidi.
- **Prepare.** Achte yon so an kawotchou ki enprime ak non e adrès pitit ou a. Fè I make non li ak yon estanp sou bagay li yo.
- **Kreye yon kalandriye fanmi.** Lè w resevwa yon nòt pou yon pwomnad, ekri li sou kalandriye a. Ajoute pwogram aktivite espòtif ak lòt evènman fanmi a.



PhotoDisc, Blue/Getty Images

Mesaj sa a soti nan
“Office of Community Engagement”
(Bivo Angajman Kominotè)



[Lekòl Leta Miami Dade County](#)